



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN KI NAN PRI  
ABÒDAB KI KOUTE 13 MILYON DOLA NAN KATYE EL CAMINO NAN  
ROCHESTER**

*Finansman Devlopman Pueblo Nuevo de faz la kreye 104 kay ki eko-enèjetik, nan pri ki abòdab, sant kominotè 10,000 pye kare, sèvis sou plas*

*Devlopman an genyen ladan l devlopman ki konsakre pou fanmi ki te sanzabri anvan ak adilt ki gen andikap entelektyèl ak devlopman*

*Investisman an ap konplete inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvmman yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 13 milyon dola nan katye El Camino Rochester. Faz II Pueblo Nuevo a te kreye 29 mezon nan pri abòdab epi ki bay sipò epi konvèti yon depo vid an yon sant kominotè 10,000 pye kare. Ansanm, Faz I ak II Pueblo Nuevo a bay yon total 104 mezon nan pri abòdab epi ki bay sipò nan kad plan vizyon pou revitalizasyon katye El Camino a.

"Chak Nouyòkè merite lojman dekalite, ki an sekirite, nan pri abòdab, ak aksè nan resous yo bezwen pou yo reyisi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman nou nan El Camino te kreye plis pase nouvo kay sèlman pou fanmi Rochester yo; n ap asire tou ke katye a gen sèvis, enstalasyon, ak fonksyon k ap soutni kominote sa alontèm."

"Pwojè lojman ki bay sipò tankou pwojè Pueblo Nuevo yo enpòtan anpil pou fè katye tankou El Camino reviv nan Rochester ki te neglije depi lontan," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Devlopman lojman nan pri abòdab sa ap bay 29 nouvo kay pou moun ki pa t ap kapab viv la otreman, epi nouvo sant kominotè a ap bay yon kote pou manm kominote yo reyini. Sa a se sèlman youn nan anpil pwojè k ap restore distri istorik El Camino a."

Pueblo Nuevo Phase II fè pati plan Gouvènè Hochul pou tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekkitab ak estab. Nan Bidjè Eta yo fèk adopte a, Gouvènè a te reyisi jwenn yon

nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola, ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 ak sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Faz II Pueblo Nuevo a genyen ladan l ranplisaj nouvo konstriksyon douz bilding an diplèks ak senk kay pou yon sèl fanmi pou kreye 29 mezon nan pri abòdab. Tout kay yo nan pri ki abòdab pou fanmi k ap touche Revni Mwayen Zòn nan oswa ki pi ba pase 50 pousan Revni Mwayen Zòn nan.

Sis kay rezève pou ansyen fanmi ki te sanzabri k ap gen aksè nan sèvis sipò sou plas ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative) epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York k ap administre li. Se YWCA nan Konte Rochester ak Konte Monroe k ap ofri sèvis yo. Sèvis yo genyen ladan yo èd pou rezidan yo gen aksè nan resous, prepare pou travay epi jwenn travay, ak pou abòde baryè pou viv endepandan yo.

Sant Kominotè El Camino a nan 216 Clifford Avenue, je ti konvèti apati yon depo ki te vid depi lontan, bay espas biwo ki konfòm ak ADA pou devlopman biznis, atelye, pwogram edikatif, pwogram kiltirèl, amizman, ak lòt sèvis ki sipòte avansman ekonomik ak sosyal.

Batiman rezidansyèl yo fèt pou reponn ak egzijans Pwogram Konstriksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA). Chak batiman gen sistèm chofaj ak refwadisman ki gen eko-enèjetik, ekleraj LED ki gen efikasite elve, aparèy plonbri ki gen fèb debi ak aparèy Energy Star.

Premye faz devlopman Pueblo Nuevo a te fini an 2021 epi li te genyen ladan l nouvo konstriksyon 75 apatman sou 20 teren vid oswa ki manke itilize nan yon zòn senk blòk toupre North Clinton Avenue epi jis nan sid St. Michael's Church. Yo te transfòme yon espas separe ke vil la posede nan 12 Hoeltzer Street an yon espas vèt kominotè ak jaden, chemen pou pyeton, yon tèren jwèt, ak yon pavilion piknik.

Faz I an ofri diznèf lojman ki rezève pou adilt ki gen defisyans entelektyèl ak devlopman ki gen aksè nan sèvis sipò Ibero-American Action League bay.

Devlopè pou tou de faz pwojè a se Ibero-American Development Corporation, ki se branch devlopman Ibero-American Action League, Inc.

Investisman Eta a nan Faz II Pueblo Nuevo ak Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Fèb la te jenere 9 milyon dola nan fon pwòp ak 3.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA te bay 92,400 dola sipò atravè Pwogram Nouvo Konstriksyon Altitud Ba a.

**Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare,** "Devlopman de faz Pueblo Nuevo a te ranplase estrikti delabre epi vid yo ak 104 kay modèn epi ki eko-enèjetik pou moun ak fanmi, ak yon nouvo sant kominotè k ap benefisye chak moun ki rele katye ki divèsifye epi ki rich sou plan kiltirèl la lakay yo. Investisman konplè nan tout katye sa ap ranfòse ekonomi lokal El Camino epi bay rezidan yo resous ak opòtinite lojman dekalite yo bezwen pou reyisi yo. Nou rekonesan ak Ibero-American Action League pou vizyon yo pou fè pwojè sa yon reyalyte, ak Gouvènè Hochul dèske li ankouraje ogmantasyon apwovizyonman lojman nan pri abòdab atravè Eta a."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Apatman Pueblo Nuevo yo ofri rezidan ki gen revni ki fèb epi ki vilnerab Rochester yo yon nouvo opsyon lojman nan pri ki abòdab epi ki bay sipò ki antre fonksyon eko-enèjetik wot pèfòmans ki ede bay yon anviwònman pou viv ki pi an sante epi ki pi konfòtab epi bese depans enèji yo. Atravè pwojè tankou sa, n ap ogmante efò nou pou konstui imèm ki eko-enèjetik pandan n ap asire ke tout Nouyòkè benefisye nan fason ki egal nan tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp."

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Lojman sipò se yon eleman enpòtan nan efò nou pou diminye enstabilite lojman. Nouvo apatman sa yo ap bay moun ki sanzabri nan fason ki kwonik yo sipò ak asistans yo ka konte sou li pou rete loje nan fason ki estab. Gouvènè Hochul kontinye demontre angajman san fay li pou diminye pwoblèm sanzabri a nan tout eta a atravè sipò li pou pwogram tankou Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la, ki bay kapital ki vital pou pwojè tankou Pueblo Nuevo."

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Mwen kontan anpil pou wè finisman Faz II Pueblo Nuevo a. Eta New York fyè pou te kontribye nan pwojè enpòtan sa pou kreye lojman pou moun ki pa gen gwo revni epi ki bay sipò a nan Rochester. Mwen pa ka tann pou wè kisa lavni rezève pou fanmi k ap rele Pueblo Nuevo lakay yo, ak revitalizasyon katye sa"

**Manm Asanble Demond Meeks, te deklare,** "Mwen rekonesan pou m wè yon investisman klè nan amelyorasyon kondisyon lavi pou manm yo nan kominote nou an. Nou dwe ogmante kantite manm nan kominote nou yo ki prive de dwa yo lè nou bay kay ki dirab. Lojman ki an sekirite, pwòp ak abòdab se yon nesesite debaz e ke yo kontinye refize twòp manm kominotè ak fanmi yo. Yon kay ki gen diyite esansyèl pou konstwi richès jenerasyon ak echape anba sik povrete a. Mwen vle remèsye Ibero-American Development Corporation poutèt angajman yo te pran anvè katye nou yo ak pou byennèt fanmi nou yo. Mwen espere ke Pueblo Nuevo ap kontinye bay resous efikas ak kay ki fyab pou rezidan ki pi vilnerab yo nan kominote nou an."

**Chèf Egzekitif Konte Monroe a, Adam Bello te deklare,** "Lojman ki stab epi nan pri ki abòdab se yon resous vital pou fè tout kominote nou yo pi an sante, pi an sekirite, epi pi pwospè - se poutèt sa finisman Faz II Pueblo Nuevo a se yon pwèn ki klere pou lavni

rezidan Vil yo. Mesi Gouvènè Kathy Hochul pou angajman ou a Vil Rochester ak Konte Monroe."

**Majistra Malik D. Evans te deklare**, "Devlopman lojman Pueblo Nuevo a ap favorize transfòmasyon Katue El Camino Recheater a ak envestisman inik ki selebre eritaj ak kilti rich kominote Laten ak Nouvo Ameriken Rochester yo. Mwen fyè de sipò Vil Rochester pou pwojè sa atravè patenarya ak Ibero American Development Corp. ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York. Ranfòse katye nou yo se yon eleman enpòtan nan vizyon pou kreye yon vil ki ranpli lespwa ak yon lavni ki egziste."

**Vis Prezidan Egzekitif IADC a, Eugenio Marlin, te deklare**, "Ak finisman faz sa nan Pueblo Nuevo, n ap kontinye akonpli vizyon nou k ap transfòme yon zòn ki te neglije, an yon espas ki genyen ladan l lojman dekalite nan pri ki abòdab ak espas vè ki reyini fanmi yo ansanm antanke kominote, ak fòs ekonomik nan zòn lan. Pwojè sa ak devlopman International Plaz ap bay nouvo vitalite pou zòn nan."

### **Pwogram Akselerasyon Finger Lakes Forward**

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Envestisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)